



Pou Piblikasyon Imedya: 16/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TWAZYÈM OPÒTINITE KONPETITIF POU SIPÒTE PWOJÈ ENÈJI EWOLYEN AK ENÈJI IDWOLIK AKTYÈL YO NAN ETA NEW YORK

Sipòte objektif Eta a pou jwenn 70 pousan nan elektrisite eta a apati sous renouvlab yo dis 2030 ki sou wout pou yon rezo zewo emisyon

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a twazyèm solisitasyon nan kad pwogram akizisyon enèji renouvlab a gran echèl la ke nou konnen kòm Konpetitif Nivo 2, ki fèt pou kenbe resous enèji renouvlab ki egziste nan New York yo. Anons jodi a souliye enpòtans pwodikyon enèji debaz Eta a kòm yon eleman kritik nan Estanda Enèji Pwòp [elaji](#) a epi li sipòte objektif New York pou jwenn 70 pousan kouran pou eta a apati sous ki renouvlab yo dis 2030 sou wout pou yon rezo elektrik zewo emisyon jan sa dekri nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a (Climate Leadership and Community Protection Act, CLPA).

"Apwòch konplè New York pou rann rezo elektrik Eta a ekolojik ap ede kreye yon mache enèji renouvlab pwospè ak konpetitif pou satisfè demann k ap grandi pou resous enpòtan sa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou kenbe enstalasyon enèji idwolik ak ewolyen ki egziste yo nan New York, n ap pwoteje operasyon ak travay antretyen ki byen peye ki pral asire resous sa yo kontinye pwodui elektrisite pwòp pou jenerasyon k ap vini yo".

Nan kad twazyèm solisitasyon Konpetitif Nivo 2 li a, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèjetik Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la ap chèche pwopozisyon pou achte Sètifika Enèji Renouvlab (Renewable Energy Certificate, REC) Nivo 2 elijib yo nan men pwodiktè enèji idwolik prive ak jeneratè enèji ewolyen ki sou tè ki nan Eta New York ki te antre nan operasyon komèsyal avan 1ye janvyè 2015. Apwòch akizisyon NYSERDA a bay opòtinite pou ogmante kantite enèji renouvlab ki pwodui lokalman sou kontra avèk Eta New York la, pandan l ap toujou pèmèt [Agregasyon Chwa Kominotè \(Community Choice Aggregations\)](#) pou kontinye negosye volontèman pi bon pri ak kondisyon sou apwovizyonman enèji, pwodui, ak sèvis pou kliyan yo. Demann pou REC Nivo 2 a te grandi anpil nan dènye ane yo pandan CCA yo te elaji epi biznis yo ap chèche chwa enèji pwòp kòm yon pati nan objektif Anviwònmanal, Sosyal ak Gouvènans (Environmental, Social and Governance, ESG) yo, sa ki kontribye nan yon mache pwospè pou REC Nivo 2 nan Eta New York.

NYSERDA pral evalye ak seleksyone pwopozisyon konpetitif yo sou baz pri ki pi ba yo resevwa. Dat limit pou soumèt pwopozisyon yo se 15 septanm 2022 jiska 3:00 p.m. Kandida ki entere sou soumèt pwopozisyon yo ka aplike [isit la](#). NYSERDA prevwa anonse atribisyon yo nan mwa oktòb 2022.

Yo pral òganize yon webinè nan dat 23 out 2022 a 3:30 p.m. pou bay moun ki entere pou fè pwopozisyon yo yon opòtinite pou aprann plis bagay sou solisitasyon sa a. Moun yo ki entere nan webinè a ka enskri [isit la](#), epi nou ankouraje yo enskri ak soumèt kesyon yo davans.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, n ap itilize tout zouti ki disponib pou nou pou divèsifye melanj enèji New York epi asire tout resous renouvlab ki nan eta a ap kontribiye nan konstriksyon rezo elektrik zewo emisyon rezistan an alavni. Solisitasyon Konpetitif Nivo 2 NYSERDA a pral atire konpetisyon mache ki nesèsè pou founi enèji renouvlab abòdab pou Nouyòkè yo pandan l ap ede amelyore kalite lè lokal yo epi ankouraje kwasans ekonomik nan kominote akèy yo".

Nan kad solisitasyon Konpetitif Nivo 2 li yo, NYSERDA pral siyen kontra avèk pwodikte atribiye yo pou acha Sètifika Enèji Renouvlab (REC) yo. Yon REC reprezante atribi anviwònmanal yo nan yon megawat elektrisite pa èdtan yo pwodui apati resous renouvlab. Pwogram Konpetitif Nivo 2 a, ki lanse an janvyè 2021, finanse atravè yon obligasyon REC Nivo 2 ki obligatwa nan antite k ap sèvi chaj (Load Serving Entities, LSE) yo. LSE Eta New York yo oblije achte REC Nivo 2 yo nan men NYSERDA chak ane.

Anons jodi a fonde sou atribisyon premye de faz atribisyon NYSERDA yo ki te mennen nan twa pwojè pou konsève ase enèji renouvlab nan Eta New York pou alimante prèske 8,300 kay ak ede sipòte operasyon aktyèl enstalasyon enèji renouvlab nan New York ki egziste yo. Detay espesifik pwojè yo pou twa pwojè yo te atribiye yo disponib kounye a sou [Open NY](#). Solisitasyon sa a konplete tou aksyon Eta a pran pou akselere devlopman gwo pwojè enèji renouvlab yo, redui yon fason konsiderab pwodiksyon kabiran fosil yo ak emisyon nosif yo nan Eta a.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominote a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sèktè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an.

Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418